

# PLAN ENVESTISMAN KAPITAL Orè Reyinyon Piblik

Vèsyon Preliminè Mizajou Plan Investisman Kapital (CIP) MassDOT ak MBTA pou lane fiskal 2018–2022 se yon pwogram plizyè milya dola k ap fè investisman alontèm ak multi-modal nan tout Commonwealth lan. CIP an kouvri tout pwòje otowout ak minisipal MassDOT yo, ayewopò rejyonal, chemendfè ak sikilasyon, ikonpri MBTA ak Ajans Transpò Rejyonal yo ansanm ak Rejis Veyikil a Motè. MassDOT pral òganize yon sri reyinyon piblik nan tout Commonwealth la pou prezante ak diskite Vèsyon Preliminè Mizajou Plan Investisman Kapital lan. Tanpri vin jwenn nou pandan n ap prezante Mizajou Vèsyon Preliminè CIP an pou chèche jwenn plis kòmantè piblik la epi pou reponn kesyon ou yo. Li trè enpòtan pou w patisipe pou reyinyon yo jwenn siksè!

Si ou pa kapab patisipe nan yon reyinyon, w ap jwenn yon kopi prezantasyon an nan [www.mass.gov/massdot/cip](http://www.mass.gov/massdot/cip)

Ou gendwa voye yon imèl ak kòmantè w nan [masscip@state.ma.us](mailto:masscip@state.ma.us).

## Reyinyon Piblik yo òganize nan dat sa yo:

- **Lendi, 15 me, 6:30 p.m. Brockton**  
Cafeteria, Arnone School, 135 Belmont Street
- **Lendi, 15 me, 6:00 p.m. Barnstable**  
Hyannis Transportation Center,  
215 Iyannough Road
- **Madi, 16 me, 6:30 p.m. Leominster**  
City Hall, 25 West Street
- **Madi, 16 me, 6:30 p.m. Springfield**  
School Committee Chamber (Sal 220) City Hall,  
35 Court Street
- **Mèkredi, 17 me, 6:30 p.m. Worcester**  
2<sup>nd</sup> Floor, Union Station, 2 Washington Square
- **Jedi, 18 me, 6:00 p.m. Lawrence**  
Sargent Auditorium, Lawrence Public Library,  
51 Lawrence Street
- **Lendi, 22 me, 5:30 p.m. Greenfield**  
John W. Olver Transit Center, 12 Olive Street
- **Lendi, 22 me, 6:30 p.m. Boston**  
Cafeteria, BCYF Leahy-Holloran Community Center,  
1 Worrell Street, Dorchester
- **Madi, 23 me, 6:30 p.m. Lenox**  
Highway District 1 Headquarters, 270 Main Street
- **Madi, 23 me, 6:30 p.m. Salem**  
City Hall Annex, 120 Washington Street
- **Mèkredi, 24 me, 6:30 p.m. Marlborough**  
Marlborough Council on Aging, 40 New Street
- **Mèkredi, 24 me, 6:30 p.m. Dartmouth**  
Moot Court Room, UMass School of Law,  
333 Faunces Corner Road

Adrès yo aksesib pou moun ki gen andikap. MassDOT òganize aranjman rezonab epi/oswa asistans nan lang gratis si yo fè demann lan (tankou entèprèt nan Langaj Siy Ameriken ak nan lang ki pa Angle, sou-tit kode oswa vizib pou videyo, aparèy pou malantandan ak lòt fòm materyèl yo, tankou tep odyo, Bray ak gwo lèt), jan sa disponib. Si ou bezwen aranjman espesyal oswa asistans nan lang, tanpri kontakte Katy Zazzera nan (857) 368-8986 oswa voye yon imèl nan ([Kathryn.Zazzera@dot.state.ma.us](mailto:Kathryn.Zazzera@dot.state.ma.us)). Fè demann yo bonè jan sa posib anvan reyinyon an, epi pou sèvis ki pi difisil pou òganize yo, tankou langaj siy, CART oswa sèvis tradiksyon oswa entèpretasyon, se pou yo fè demann lan omwens dis (10) jou ouvab anvan reyinyon an.